

# GID POU SÈVIS SANTE AK AKOMODASYON POU SEKSYON 504 POU ELÈV KI NAN LEKÒL LETA VIL NOUYÒK

Ane lekòl 2026- 2027

## Pou tout paran ak founisè swen sante:

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk(NYC Department of Education, NYCDOE) ak Biwo Sante Lekòl (Office of School Health, OSH) ap travay ansanm pou bay sèvis sante pou tout elèv ki gen bezwen sante espesyal. Si pitit ou a bezwen sèvis sante oswa akomodasyon dapre yon IEP oswa seksyon 504, lwa 1973 sou Reyabilitasyon an, ranpli fòm ki pou sa a nan pake sa a. OSH **mande** pou mete fòm pou bay medikaman ak/oswa tretman yo preskri a ajou chak ane lekòl.

Fòm sa yo disponib pou founisè swen sante pou ranpli yo si nesesè pou pitit ou. Tanpri asire w siyen tout fòm yo kote yo mande yo:

1. **Fòm pou bay medikaman (Medication Administration forms, MAF)** – Se founisè swen sante pitit ou a ki pou ranpli fòm sa a pou li ka resevwa medikaman ak tretman nan lekòl.
  - **Gen senk fòm MAF apa: opresyon; alèji; dyabèt, epilepsi ak fòm ki jeneral.**
  - Tanpri voye fòm ou fin ranpli yo bay enfimye lekòl la/sant sante nan lekòl.
2. **Fòm pou bay tretman medikal yo preskri (ki pa medikaman)** – Se founisè swen sante pitit ou a ki pou ranpli fòm sa a pou mande pou pwosedi espesyal tankou bay manje nan tib, katetè, aspirasyon, etc. pou yo fèt nan lekòl la. Yo ka itilize fòm sa a pou tout tretman enfimye ki konpetan bay.
  - Tanpri voye fòm ou fin ranpli yo bay enfimye lekòl la/sant sante nan lekòl.
3. **Demand pou Seksyon 504 ak/oswa pou Akomodasyon medikal** – Ranpli fòm sa yo pou mande sèvis sante **nouvo oswa modifye** (ansanm ak MAF oswa Fòm pou tretman medikaman yo preskri a) oswa akomodasyon tankou itilizasyon asansè, akomodasyon pou fè tè, ak sèvis parapwofesyonèl.
  - **PA** itilize fòm sa yo pou mande sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services) tankou terapi pou reyabilitasyon, terapi fizik, terapi pou diskou ak langaj (otofoni), oswa counseling.
  - Gen twa fòm yo dwe ranpli:
    - Demand aran pou Akomodasyon 504 (pa obligatwa pou elèv ki gen IEP);
    - Otorizasyon pou divilge enfòmasyon sou sante dapre HIPAA; ak
    - **Fòm demand Akomodasyon medikal (Medical Accommodations Request Form, MARF)** founisè swen sante timoun lan ranpli Yo dwe ranpli fòm sa a pou tout elèv ki bezwen akomodasyon.
  - Tanpri voye fòm ou fin ranpli yo ba kowòdonatè plan 504 lekòl ou a oswa ba Ekip IEP a, jan sa apwopriye

## Paran:

- Tanpri fè moun k ap bay pitit ou a swen sante ranpli fòm ou bezwen pou pitit ou a (tankou MAF ak/oswa Fòm Tretman medikal yo preskri).
- Yo dwe ranpli fòm MAF ak Fòm Tretman chak ane **epi yo dwe voye yo bay enfimye lekòl ou a/sant sante nan lekòl avan 1ye jen 2026 pou nouvo ane lekòl la. Fòm yo resevwa apre dat sa a ka gen reta pou yo apwouve yo.**
- Pou elèv ki gen IEP:
  - Yo dwe ranpli Fòm Demand Akomodasyon medikal lè yo ka bezwen yon chanjman nan sèvis la.
  - **Ekip IEP a dwe resevwa fòm li gen pou revize yo omwen yon mwa avan reyinyon IEP pitit ou.**
- Se sèlman estaf OSH ki travay nan lekòl la ki ka itilize Medikaman ki nan depo (Albuterol, Flovent, ak Epinefrin), epi sa toujou mande yon fòm MAF ki ranpli. Ou dwe voye pitit ou a avèk epinefrin, ponp opresyon ak lòt medikaman apwouve pitit ou a gen pou pran poukont li nan pwomnad lekòl la ak/oswa pwogram aprelekòl pou li ka genyen li disponib.
- **Tanpri asire w ou siyen do tout Fòm Tretman ak MAF, ki bay konsantman pou pitit ou a resevwa sèvis sa yo.**
- **Kole yon ti foto resan nan kwen goch anlè MAF la.**

Tanpri kontakte enfimye lekòl pitit ou a, ekip IEP a (si sa aplikab) ak/oswa kowòdonatè 504 lekòl la si w gen nenpòt kesyon.

**Moun k ap bay swen sante (Health Care Practitioners): tanpri gade do paj la.**

**GID POU SÈVIS SANTE AK  
AKOMODASYON POU SEKSYON 504  
POU ELÈV KI NAN LEKÒL LETA VIL NOUYÒK**  
Ane lekòl 2026- 2027

**Eksplikasyon pou Moun k ap bay swen pou ranpli Fòm Demand Akomodasyon Medikal**

Tanpri suiv prensip sa yo lè w ap ranpli fòm yo:

- Plizyè doktè ka bay malad ou a tretman. Founisè swen sante k ap ranpli fòm lan ta dwe se moun k ap trete maladi yo te mande sèvis pou li a.
- Founisè swen sante ki gen lisans (MD, DO, NP, PA) k ap trete elèv la dwe ranpli fòm sa a epi bay enfòmasyon klinik konsènan dyagnostik medikal la ki dekri kòm baz pou demand sa a. Paran/responsab pa ka ranpli fòm yo. Yon rezidan pa ka ranpli fòm yo.

Yo baze tout demand pou akomodasyon dapre nesesitye medikal. Tanpri asire w repons ou yo konplè ak egzat.

**Estaf klinik Biwo Sante lekòl ki pral gade tou demand pou akomodasyon medikal yo gen pou kontakte w si yo bezwen plis klarifikasyon.**

- Gen yon enfimyè lekòl ki prezan nan pifò lekòl DOE yo. Pou demand enfimyè 1:1, yo pral konsidere yo dapre chak ka endividyèl.
- Tanpri ekri byen klè oswa enprime tout enfòmasyon ki sou fòm sa a. **Yo pa ka finalize pwosesis la avèk fòm ki pa lizib, enkonplè, san siyati oswa ki pa gen dat epi yo pral retounen yo bay paran oswa responsab elèv la.**
- Bay non konplè ak dyagnostik klinik aktyèl pou elèv la.
- Dekri enpak, dyagnostik/sentòm, pwoblèm medikal, ak/oswa pwoblèm konpòtman ki ka afekte elèv la pandan lè lekòl oswa transpò, ki gen ladan limit ak/oswa entèvansyon obligatwa.
- Mete ladan tout dokiman ak rezilta egzamen pou tout sèvis espesyalite oswa rekòmandasyon pou akomodasyon yo mande yo.
- Mande **sèlman sèvis ki nesesitye pandan lè lekòl la oswa pandan lòt aktivite ak pwogram lekòl esponsorize**. Pa mande medikaman yo ka ba w lakay, avan oswa apre lè lekòl.
- Si yon elèv bezwen medikaman oswa tretman, tanpri ranpli ak voye tout Fòm pou bay medikaman ki enpòtan yo (MAF) ak/oswa yon Demand pou Tretman medikal yo preskri. Lòd yo ta dwe presi epi ekri byen klè. Sa a pèmèt enfimyè lekòl la travay nan yon fason klinik responsab.
- Yo pral gade demand pou medikaman altènatif sou baz ka pa ka.
- Ekri non w byen klè epi mete ladan lisans valid Eta Nouyòk, New Jersey, oswa Connecticut ak nimewo NPI.
- Sou Fòm Demand Akomodasyon Medikal la:
  - Tanpri site jou ak lè ki pi bon pou yo kontakte w pou bay plis klarifikasyon sou demand sa a.
  - Tanpri siyen atestasyon dokiman ki di enfòmasyon ou bay yo egzat.
- Yo ka konsève estòk Epinefrin nan sal medikal la, oswa nan yon espas komen pou Pre-K. Yo ta transpòte elèv la ansanm ak Epinefrin yo preskri a jan sa endike a.

**Nivo Konpetans Elèv la:** Elèv yo ta dwe otan endepandan posib nan lekòl. Doktè/founisè k ap bay swen yo dwe detèmine si timoun lan pa bezwen enfimyè, si li bezwen sipèvizyon, oswa si li ka pran medikaman oswa si li ka fè pwosedi yo poukont li.

- **Elèv ki depann sou enfimyè:** enfimyè a dwe bay elèv medikaman. Jeneralman, yo mete medikaman an nan yon kabinèt ki fèmen nan sal medikal la.
- **Elèv ki sou sipèvizyon:** pran medikaman poukont li, sou sipèvizyon yon adilt. Elèv la ta dwe kapab idantifye medikaman li, konnen dòz kòrèk la epi lè pou pran li, konnen objektif medikaman an, epi kapab dekri sa ki pral rive si li pa pran li.
- **Endepandan:** ka pote/pran poukont li. Pou elèv ki endepandan an, tanpri mete inisyal nan atestasyon an ki di elèv la kapab pran medikaman poukont li nan lekòl la ak pandan pwogram ak aktivite lekòl la esponsorize, tankou pwomnad lekòl. **Yo pa janm pèmèt elèv pote dwòg ki ilegal.**
- ***Si w pa chwazi okenn nivo konpetans, estaf klinik OSH la pral endike elèv la kòm elèv ki depann sou enfimyè otomatikman, jiskaske moun k ap bay elèv la swen sante a sijere yon lòt bagay.***

Mès pou kolaborasyon w.